## SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2021 (ANNUAL)

**Sub. Code - 109**

### Model Set

### BHOJPURI (SIL)

### द्वितीय भारतीय भाषा – भोजपुरी

**समयः 3 घंटे 15 मिनट** | **पूर्णांक–100**

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** | **Full Marks : 100**

**कुल प्रश्नों की संख्या : 100 + 6 = 106** | **कुल पृष्ठों की संख्या – 21**

**Total No. of Questions : 100 + 6 =106** | **Total No. of pages - 21**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. इस प्रश्न पत्र को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
4. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में विभक्त है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
5. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं। इनमें से किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 का ही मूल्यांकन किया जाएगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर देने के लिए उपलब्ध कराये गये OMR–उत्तर पत्रक में दिये गये सही वृत्त को काले/नीले बॉल पेन से भरें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि

का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना वर्जित है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य कर दिया जाएगा।

6. खण्ड–ब में कुल 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

7. किसी भी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्रों का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–अ (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 से 100 तक के प्रत्येक प्रश्न के साथ चार विकल्प दिए गए हैं, जिनमें से एक सही हैं। इन 100 प्रश्नों में से किन्हीं 50 प्रश्नों के उत्तर देने हेतु अपने द्वारा चुने गए सही विकल्प को OMR–शीट पर चिह्नित करें।

***नीचे दिहल वस्तुनिष्ठ प्रश्नन में से सही उत्तर चुनीं –*** **50x1=50**

1. 'विषयवासना छूटत न मन से' में प्रधानता ह –

(A) वीर रस (B) भक्ति रस

(C) सिंगार रस (D) हास्य रस

2. संत शिव नारायण कवना काल के कवि बानीं ?

(A) आदि काल (B) भक्ति काल

(C) रीति काल (D) आधुनिक काल

3. संत शिवनारायण कवना भगति मानत रहीं ?

(A) सगुन (B) निरगुन

(C) दूनो (D) कवनो ना

4. संत शिवनारायण में केकरा प्रति आक्रोश बाटे ?

(A) सामाजिक विषमता (B) राजनीतिक उठापटक

(C) दूनो (D) कवनो ना

5. संत शिवनारायण प्रभावित रहीं –

(A) तुलसीदास (B) सूरदास

(C) कबीरदास (D) विद्यापति

6. 'सगरे जहान भोजपुरिया' कवन विधा के रचना ह ?

(A) कविता (B) कहानी

(C) निबंध (D) एकांकी

7. गिरमिटिया मजदूर कवन लोग रहे ?

(A) मगहिया लोग (B) भोजपुरिया लोग

(C) मैथिल लोग (D) तीनू

8. भोजपुरिया लोग कइसन होला ?

(A) कमासुत (B) कामचोर

(C) दूनो (D) कवनो ना

9. भोजपुरिया लोग कवन–कवन टापू के गुलजार बना दिहले ?

(A) मारीशस (B) फीजी

(C) सूरीनाम (D) तीनू

10. गिरमिटिया मजदूर काहे खातिर गइल रहन सन ?

(A) घूमे खातिर (B) खेले–खाय खातिर

(C) राजनीति करे खातिर (D) ऊँख के खेती करे खातिर

11. 'गिरमिटिया' शब्द कइसे बनल बा ?

(A) सेटलमेंट से (B) एग्रीमेंट से

(C) दूनो से | (D) कवनो से ना

12. सर शिवसागर रामगुलाम कवन रहीं ?

(A) मारीशस के राष्ट्रपति | (B) मारीशस के सेनाध्यक्ष

(C) मारीशस के प्रधानमंत्री | (D) तीनू

13. सर शिवसागर रामगुलाम का मूल गाँव रहे –

(A) हरि गाँव | (B) राम गाँव

(C) कृष्ण गाँव | (D) कवनो ना

14. सर शिवसागर रामगुलाम के पुरखा लोग कहवाँ के रहे ?

(A) भोजपुर | (B) छपरा

(C) गोरखपुर | (D) पटना

15. सर शिवसागर रामगुलाम के मूर्त्ति कहवाँ स्थापित बा ?

(A) आरा | (B) गया

(C) पटना | (D) छपरा

16. ब्रजेन्द्र भगत मधुकर मारीशस के का रहीं ?

(A) नेता | (B) अभिनेता

(C) राष्ट्रकवि | (D) समाज सुधारक

17. संत पलटू दास रहीं –

(A) संत कवि | (B) राजनेता

(C) सेनानी | (D) तीनू

18. संत पलटू दास प्रभावित रहीं –

(A) विद्यापति | (B) कबीरदास

(C) तुलसीदास (D) सूरदास

19. संत पलटू दास के भगति रहे –

(A) सगुन (B) निरगुन

(C) दूनो (D) कवनो ना

20. संत पलटू दास कवना काल के कवि रहीं ?

(A) आदि काल (B) रीति काल

(C). आधुनिक काल (D) भक्ति काल

21. 'साधो भाई' के विधा ह –

(A) कहानी (B) नाटक

(C) कविता (D) संस्मरण

22. संत पलटू दास कवना परंपरा के कवि रहीं ?

(A) तुलसी–परंपरा (B) कबीर–परंपरा

(C) भगवान बुद्ध –परंपरा (D) नानक–परंपरा

23. 'बाएन' के विधा ह –

(A) एकांकी (B) कविता

(C) कहानी (D) उपन्यास

24. 'बाएन' के रचनाकार बानीं –

(A) डॉ0 सत्येन्द्र सुमन (B) अमृता प्रीतम

(C) विशुद्धानंद (D) सत्यनारायण लाल

25. 'बाएन' में कवन रोग के चरचा बाटे ?

(A) कैंसर (B) एड्स

(C) कोरोना (D) टी0 वी0

26. फतेहशाही कवन रहीं ?

(A) फिरंगियन के दोस्त

(B) फिरंगियन के सलाहकार

(C) फिरंगियन के सिपाही

(D) फिरंगियन से लोहा लेवे वाला राजा

27. फतेहशाही कहवाँ के राजा रहले ?

(A) हुस्सेपुर (B) बंक जोगिनी

(C) काशी (D) तमकुही

28. कवि 'प्रथम क्रांतिवीर' केकरा के कहत बा ?

(A) वीर कुंवर सिंह (B) महाराणा प्रताप

(C) फतेहशाही (D) मंगल पांडेय

29. अम्बेडकर का समय भारतीय समाज कइसन रहे ?

(A) समरस (B) भेदभाव भरल

(C) दूनो (D) कवनो ना

30. 'ऊहो बरखा आई' के विधा ह –

(A) कहानी (B) उपन्यास

(C) नाटक (D) कविता

31. 'ऊहो बरखा आई' में कवना ऋतु के वर्णन बा ?

(A) जाड़ा (B) गरमी

(C) बरसात (D) वसंत

32. जगलाल चौधरी कवन रहीं ?

(A) राजनेता

(B) अभिनेता

(C) साहित्यकार

(D) तीनू

33. अमृता प्रीतम के कवना पुरस्कार मिलल रहे ?

(A) भारत रत्न

(B) ज्ञान पीठ

(C) नोबेल

(D) तीनू

34. अमृता प्रीतम मूल लेखिका कवना भाषा के रहीं ?

(A) भोजपुरी

(B) मगही

(C) बंगला

(D) पंजाबी

35. कबड्डी खेल कवना स्तर तक पहुँचल बा ?

(A) जिला

(B) राज्य

(C) देश

(D) एशिया

36. कबड्डी में प्रत्येक दल में केतना खिलाड़ी होला ?

(A) 7

(B) 8

(C) 12

(D) 6

37. 'नेह के पाती' के रचनाकार बानीं –

(A) मंगल पांडेय

(B) गोरख पांडेय

(C) सत्येन्द्र सुमन

(D) राम नाथ पांडेय

38. भोजपुरी के पहिलका फिल्म कवन रहे ?

(A) बलमा बड़ा नादान

(B) गंगा मइया तोहरे पियरी चढ़इबो

(C) लागे नाहीं छूटे राम

(D) गंगा किनारे मोरा गाँव

39. ‘बेयालिस के साथी’ के रचनाकार बानीं –

(A) गोरख पांडेय (B) अमृता प्रीतम

(C) संत शिवनारायण (D) रमाकांत द्विवेदी ‘रमता’

40. जिन्दगी कवना चीज पर तप रहल बा ?

(A) आग पर (B) बारूद पर

(C) धूप में (D) एह सब पर

41. संज्ञा के भेद होखेला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

42. लिंग के भेद होखेला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

43. क्रिया के भेद होखेला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

44. अलंकार के भेद होखेला –

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C) उभयालंकार (D) तीनू

45. ‘नदी’ संज्ञा ह –

(A) जातिवाचक (B) व्यक्तिवाचक

(C) भाववाचक (D) समूहवाचक

46. ‘हिमालय’ संज्ञा ह –

(A) जातिवाचक (B) व्यक्तिवाचक

(C) भाववाचक (D) समूहवाचक

47. ‘तेल’ के संज्ञा ह –

(A) जातिवाचक (B) भाववाचक

(C) द्रववाचक (D) समूहवाचक

48. ‘मेला’ के संज्ञा ह –

(A) समूहवाचक (B) जातिवाचक

(C) भाववाचक (D) द्रववाचक

49. ‘खट्टा’ के संज्ञा ह –

(A) जातिवाचक (B) भाववाचक

(C) द्रववाचक (D) व्यक्तिवाचक

50. ‘करियकी’ शब्द के लिंग बदलीं –

(A) कारी (B) करियका

(C) गोरकी (D) कवनो ना

51. ‘करियकी’ शब्द के विपरीतार्थक शब्द ह –

(A) गोरकी (B) पतरकी

(C) मोटकी (D) लमकी

52. ‘गोरकी छौंड़ी जात बाड़ी’’ में विशेषण ह –

(A) गोरकी (B) छौंड़ी

(C) जात (D) बाड़ी

53. 'बैल' के बहुवचन ह –

(A) बैला (B) बैलवन

(C) दूनो (D) कवनो ना

54. 'दही' कवन लिंग ह ?

(A) पुलिंग (B) स्त्रीलिंग

(C) दूनो (D) कवनो ना

55. 'हवा' कवन लिंग ह ?

(A) पुलिंग (B) स्त्रीलिंग

(C) दूनो (D) कवनो ना

56. 'दाल–रोटी' में समास ह –

(A) तत्पुरूष (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) नञ

57. 'त्रिफला' में समास ह –

(A) नञ (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) तत्पुरूष

58. 'अनंत' में समास ह –

(A) तत्पुरूष (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) नञ

59. 'अनुप्रास' कवन अलंकार ह ?

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C) उभयालंकार (D) तीनू

60. 'उपमा' कवन अलंकार ह ?

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C). उभयालंकार (D) कवनो ना

61. संत शिवनारायण के जनम कवना जिला में भइल रहे ?

(A) सीवान (B) आजमगढ़

(C) बक्सर (D) बलिया

62. जोगी खातिर कवना इन्द्रिय के साधल सबसे जरूरी बा ?

(A) रसना (जीभ) (B) कान

(C) मन (D) नयन

63. 'जमाल–वध' खंडकाव्य केकर लिखल ह ?

(A) डॉ0 राम विचार पांडेय (B) कुलदीप नारायण झड़प

(C) प्रसिद्ध नारायण सिंह (D) राम वृक्ष राय 'विधुर'

64. अंबेडकर के प्रारंभिक शिक्षा कहवाँ भइल रहे ?

(A) सतारा में (B) पुणे में

(C) मुम्बई में (D) लखनऊ में

65. अंबेडकर के बाबूजी सेना में का रहीं ?

(A) सूबेदार (B) मेजर सूबेदार

(C) हवलदार (D) कैप्टन

66. श्रीमती भीमाबाई अंबेडकर के के रहस ?

(A) मातारी (B) बहिन

(C) मौसी (D) फुआ

67. ‘मत्तन के कहानी’ में मत्तन का ह ?

(A) नायक (B) खलनायक

(C) नायिका (D) कवनो ना

68. वर्षा ऋतु के कवन लोग गरियाबे ला ?

(A) कार पर चढ़े वाला (B) छोट–छोट लइका

(C) रोज कमाये वाला मजदूर (D) केहू ना

69. जगलाल चौधरी के जनम कहवाँ भइल रहे ?

(A) छपरा में (B) गरखा में

(C) पटना में (D) पूर्णिया में

70. ‘वारिसशाह से’ कविता में पंजाब के कवन नदी के नाम आइल बा ?

(A) झेलम (B) रावी

(C) चिनाव (D) सिन्धु

71. रात–रात भर नीन काहे ना आबे ?

(A) हल्ला–गुल्ला से (B) सोच–फिकिर से

(C) गर्मी से (D) डर से

72. भोजपुरी के पहिलकी फिल्म के हीरोइन रहे –

(A) कुमकुम (B) नरगिस

(C) वैजयंती माला (D) शबाना आजमी

73. गोरख पांडेय कहवाँ के रहनिहार रहीं ?

(A) सीवान (B) आरा

(C) बलिया (D) सासाराम

74. एशियाई खेल में कहवाँ कबड्डी पहिल बेर शामिल भइल रहे ?

(A) चेन्नई (B) मुम्बई

(C) पटियाला (D) दिल्ली

75. डोमकच खेलल जाला –

(A) बारात आवे पर (B) बारात विदा होला के रात में

(C) दूनो (D) कवनो ना

76. संत शिवनारायण जोर देले बानीं –

(A) आंतरिक–साधना पर (B) बाह्य–साधना पर

(C) दूनो पर (D) कवनो पर ना

77. संत शिवनारायण के नाम पर कवन संप्रदाय चलल बा ?

(A) सरभंग–संप्रदाय (B) हरिदासी–संप्रदाय

(C) शिव नारायणी संप्रदाय (D) तीनू

78. संत पलटू दास के गुरू के नाम रहे –

(A) बाबा पार्वती दास (B) बाबा जानकी दास

(C) बाबा किसुन दास (D) कवनो ना

79. जगलाल चौधरी के परिवार जियत रहे –

(A) अमीरी में (B) फकीरी में

(C) दूनो में (D) कवनो में ना

80. जगलाल चौधरी के नाम कवना मेडिकल कॉलेज में लिखाइल रहे ?

(A) पटना मेडिकल कॉलेज (B) नालंदा मेडिकल कॉलेज

(C) मगध मेडिकल कॉलेज (D) कलकत्ता मेडिकल कॉलेज

81. 'कृष्ण' के पर्यायवाची शब्द ह –

(A) कान्हा (B) मुरारी

(C) गोपाल (D) तीनू

82. 'अमृत' के विपरीतार्थक शब्द ह –

(A) विष (B) जहर

(C) माहुर (D) तीनू

83. जवन दिखाई ना देला, कहलाला –

(A) अनंत (B) अदृश्य

(C) अगम्य (D) कवनो ना

84. 'नरेन्द्र' के संधि–विच्छेद होला –

(A) नरे + न्द्र (B) नरेन + इंद्र

(C) नर + इन्द्र (D) तीनू

85. 'देवालय' के संधि–विच्छेद होला –

(A) देवा + लय (B) देवाल + य

(C) दे + वालय (D) देव + आलय

86. 'मयूर' शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

87. 'मोर' शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

88. ‘गुमसाइन’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

89. ‘कॉलेज’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

90. ‘बबुआ खेले जइहें’ में कवन काल ह ?

(A) वर्तमान काल (B) भूत काल

(C) भविष्यत् काल (D) कवनो ना

91. ‘सुनीता भोजन बनइले रहीं’ में कवन काल ह ?

(A) वर्तमान काल (B) भूत काल

(C) भविष्यत् काल (D) तीनू

92. ‘बबुनी पढ़ रहल बिया’ में कवन काल ह ?

(A) वर्तमान काल (B) भूत काल

(C) भविष्यत् काल (D) कवनो ना

93. ‘धन’ संज्ञा के विशेषण होखी –

(A) मनी (B) धनी

(C) तनी (D) कवनो ना

94. ‘ने’ कवन कारक के विभक्ति ह ?

(A) कर्त्ता (B) कर्म

(C) संप्रदान (D) अपादान

95. ‘लइकी हँस रहली ह’ कवन क्रिया ह ?

(A) सकर्मक (B) अकर्मक

(C) दूनो (D) कवनो ना

96. ‘लइकी गाना गा रहली ह’ कवन क्रिया ह ?

(A) सकर्मक (B) अकर्मक

(C) दूनो (D) कवनो ना

97. ‘लइका पढ़ रहल ह’ कइसन वाक्य ह ?

(A) सरल (B) मिश्र

(C) संयुक्त (D) तीनू

98. ‘राजू कहले रहे कि ऊ काल्ह पटना जा रहल ह’ कइसन वाक्य ह ?

(A) सरल (B) मिश्र

(C) संयुक्त (D) कवनो ना

99. ‘कंडक्टर सीटी बजवलस आ बस चल दिहल’ कइसन वाक्य ह ?

(A) सरल (B) मिश्र

(C) संयुक्त (D) तीनू

100. ‘दूध के दूध पानी के पानी’ लोकोक्ति के अर्थ ह –

(A) पूरा न्याय (B) अधूरा न्याय

(C) दूनो (D) कवनो ना

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. कवनो एक विषय पर निबंध लिखीं – 1x10=10

क. छठ पर्व  ख. क्रिकेट मैच  ग. देश–भक्ति

घ. पुस्तकालय  ङ. परोपकार

2. कवनो एगो के पत्र–लेखन करीं – 1x5=5

क. परीक्षा के तइयारी बदे बाबूजी लगे एगो पतरी लिखीं।

अथवा

ख. फीस माफ करे खातिर प्राचार्य लगे एगो आवेदन–पत्र लिखीं।

3. नीचे दिहल गद्यांश के पढ़ीं आ पूछल प्रश्नन के उत्तर दिहीं – 5x2=10

(i) वीर कुंवर सिंह स्वतंत्रता संग्राम के अमर सेनानी रहीं। ऊहां के 1857 ई0 के प्रथम स्वाधीनता संग्राम में अंग्रेजन के खिलाफ बिहार के नेतृत्व कइले रहीं। अस्सी बरिस के उमिर में ऊहाँ के देश भगति खातिर जवानी जाग गइल रहे। आपन मुट्ठी भर सेना के ललकारित ऊहाँ के कहले रहीं – "रोवेला ऊ, जे कमजोर होला। हम तोहरा लोगिन के आँखि में आग देखे के चाहत बानीं। आजु ले हमार आँखि पर पट्टी बन्हाइल रहे। अब ऊ पट्टी खुल गइल।"

क. वीर कुंवर सिंह के रहन ?

ख. वीर कुंवर सिंह का कइले रहीं ?

ग. ओहि समय वीर कुंवर सिंह के उमिर का रहे ?

घ.	वीर कुंवर सिंह के सेना कतना रहे ?

ङ.	वीर कुंवर सिंह आपन ललकार में का कहले रहीं ?

अथवा

(ii)	हमार माई के एगो अजीब आदत रहे कि ऊहाँ के खटिया से सटके हुक्का पियत रहिहन आ कुछु–कुछु केहुओ से बोलत रहिहन। मुअला दिन तक ऊहाँ के ई आदत ना छूटल। ओहिजा ना केहु रही त आपन पोसल सुगवे से कुछु–कुछु बोलत रहिहन। अपने त ऊ दस बजिया गाड़ी आई तब ले कुछु–कुछु करत रहिहन आ ओकरा बाद नहइहन। कवनो पथार धामे डाले के रही त डलिहन, आपन बोरसी में आग जिअइहन आ हमनी का खिलाबे खातिर हुरकुच्चा देत रहिहन। ऊहाँ के कमी आज खलता।

क.	हमार माई के का आदत रहे ?

ख.	ऊहाँ के ई आदत कब ले रहल ?

ग.	ऊहाँ के का पोसले रहीं ?

घ.	ऊहाँ के अपने कब नहात रहीं ?

ङ.	ऊहाँ के हमनी संग का करत रहीं ?

4.	नीचे दिहल गद्यांश के पढीं आ पूछल़ प्रश्नन के उत्तर लिखीं –	5x2=10

(i)	पर्यावरण प्रदूषण एगो विश्वव्यापी समस्या ह। भारत सरकार प्रदूषण के समस्या से निपटे खातिर कड़ा कानून बनइले ह। एकरा से समाज में एगो नयकी जागृति

आइल ह। प्रदूषण के समस्या पर रोक लगाबे खातिर सरकार द्वारा कतना कार्यक्रम चल रहल बा। हवा, पानी, भूमि, वन, नदी, पहाड़, झील, झरना आदि पर्यावरण के अंग ह। जल–प्रदूषण, वायु–प्रदूषण, ध्वनि–प्रदूषण, भूमि–प्रदूषण आदि सभ धरती आ ओकर रहनिहार लोगन के अस्तित्व के संदिग्ध बना दिहले बा।

क. प्रदूषण कइसन समस्या ह ?

ख. भारत सरकार एकरा खातिर का कइले बा ?

ग. पर्यावरण के अंग का–का ह ?

घ. प्रदूषण कतना तरह के होखेला ?

ङ. प्रदूषण से मानव के अस्तित्व पर का प्रभाव पड़ल बा ?

अथवा

(ii) भारत देश प्रगति के पथ पर अग्रसर ह। आत्मनिर्भर भारत के नारा देश के लोकप्रिय प्रधानमंत्री माननीय नरेन्द्र मोदी जी लगवले बानीं। हर तरह के क्षेत्रन में भारत देश आत्मनिर्भरता पा लेले बा। आज हमनी का देश परमाणु शक्ति संपन्न भ गइल बा। आज का समय कम्प्यूटर आ रोबोट का समय ह। आपन देश में भी एकर उत्तरोत्तर विकास होइत जा रहल बा। खेती–किसानी में आत्मनिर्भर भारत विदेश में आपन अनाज के निर्यात कर रहल बा। शिक्षा, चिकित्सा, तकनीक आदि के प्रसार–प्रचार में हमनी का देश प्रगति के पथ पर बढ़ गइल बा। दुश्मन–हितचिंतक देशन भारत के प्रगति देखि क दंग भइल बा।

क. भारत के प्रगति कइसन ह ?

ख. भारत के प्रधानमंत्री कवन नारा लगवले बानीं ?

ग. आज का समय कइसन ह ?

घ. देश में खेती–किसानी के स्थिति कइसन बा ?

ङ. कवन–कवन क्षेत्र में भारत प्रगति कइले बा ?

5. कवनो पाँच गो प्रश्नन के उत्तर दीहीं – 5x2=10

क. अंबेडकर जी का करत रहीं ?

ख. निरगुन भगति का होखेला ?

ग. कबड्डी कइसे खेलल जाला ?

घ. फतेहशाही का बारे में बताईं ?

ङ. अमृता प्रीतम का बारे में का जान तानी ?

च. गिरमिटिया मजदूर कवन रहन सन ?

छ. भोजपुरिया लोगन के अंग्रेजन मॉरीशस काहे खातिर ले गइल रहन सन ?

ज. संत शिवनारायण केकरा से प्रभावित रहीं ?

झ. संत पलटू दास केकरा से प्रभावित रहनीं ?

ञ. बरखा बरसला पर का होला ?

6. कवनो एक प्रश्न के उत्तर दिहीं – 1x5=5

क. कवनो कहानी के कथावस्तु लिखीं।

ख. कवनो कविता के भावार्थ लिखीं ।

ग. जगलाल चौधरी का बारे में लिखीं।